



Pou Piblikasyon Imedya: 10/02/2025

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE 60 MILYON DOLA POU ENFRASTRIKTI RECHAJ VEYIKIL ELEKTRIK

Finansman NY Green Bank pèmèt Revel plis pase triple rezo piblik Rechaje rapid Vil Nouyòk li a an 2025 – 267 nouvo estasyon rechaje rapid pral disponib byento

Premye tranzaksyon enfrastrikti rechaj EV pou NY Green Bank vize pou elaji investisman nan transpò pwòp, diminye emisyon, ak ogmante aksè ak enfrastrikti rechaj EV

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a yon tranzaksyon 60 milyon dola pou akselere deplwaman enfrastrikti rechaje veyikil elektrik (EV) atravè Vil Nouyòk. Prè NY Green Bank (NYGB) te bay, fon investisman enèji pwòp Eta a ak yon divizyon Otorite Rechèch ak Devlopman Enèji Eta Nouyòk (New York State Energy Research and Development Authority, NYSERDA), bay Revel, pi gwo founisè rechaj rapid EV piblik nan Vil Nouyòk, pral pèmèt Revel plis pase triple rezo piblik rechaj rapid aktyèl li a nan Vil Nouyòk ane sa a. Sa reprezante premye tranzaksyon enfrastrikti rechaj EV NYGB a epi li sipòte agrandisman investisman nan transpò pwòp pou diminye emisyon gaz ki lakòz efè sè pandan y ap ogmante aksè ak enfrastrikti rechaje ki enpòtan ki nesesè pou adopsyon EV nan yon sans ki pi laj.

"Pou sipò tranzisyon an nan direksyon yon ekonomi enèji pwòp, li enpòtan pou nou kontinye konstwi enfrastrikti veyikil elektrik pou fasilite chanjman nan posesyon EV pou plis Nouyòkè, espesyalman moun ki nan zòn iben yo", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Investisman enpòtan sa a adrese bezwen prensipal pou bay itilizatè veyikil elektrik nan Vil Nouyòk opsyon rechaj piblik ki nesesè yo pandan y ap diminye emisyon lokal yo."

Finansman sa a pral pèmèt konstriksyon 267 nouvo estasyon rechaj atravè nèf sit epi sipòte aktivite konstriksyon konplike ki enplike nan konsepsyon ak konstriksyon estasyon rechaj EV yo. Revel pral konplete konstriksyon nouvo sit ki anba yo nan pwochen 12 mwa yo, epi rès la ap fini anvan 2027:

- 60 estasyon rechaj nan Maspeth, Queens, ki pral pi gwo estasyon rechaj rapid nan Nòdès Etazini.

- 44 estasyon rechaj tou pre Ayewopò LaGuardia, sa ki fè li pi gwo estasyon rechaj rapid tou pre yon ayewopò nan peyi a. *
- 24 estasyon rechaj nan Ayewopò Entènasyonal John F. Kennedy (JFK); fè li pi gwo estasyon rechaj nan ayewopò an. *
- 30 estasyon rechaj nan Greenpoint, Brooklyn.
- 20 estasyon rechaj nan seksyon Port Morris nan Bronx. *

**Sitiye nan yon Kominote ki Defavorize (Disadvantaged Community, DAC)*

Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Otorite Rechèch ak Devlopman Enèji Eta Nouyòk la, Doreen M. Harris, te deklare, "Sipò finansman NY Green Bank pou enfrastrikti enpòtan k ap avanse transpòtasyon pwòp konplete efò NYSERDA pou estimile tranzisyon nan elektrifikasyon sektè sa a. Ogmante kapasite rechaj eta a se yon etap pou pi devan nan asire Nouyòkè yo ka konekte ak kondwi pwòp epi nou felisite lidèchip Revel nan sans sa a nan yon gwo sant ak nan kote ki gen gwo enpak tankou gwo ayewopò yo."

Prezidan NY Green Bank lan, Andrew Kessler, te deklare, "NY Green Bank kontan pataje tranzaksyon eksitan sa a ki demontre vyabilite pou finansman enfrastrikti rechaj EV pou sipòte adopsyon veyikil elektrik yo. Tranzaksyon Revel la se yon presedan enpòtan ak repwodiktif nou espere ap ede akselere envestisman nan sektè k ap grandi sa a epi elaji aksè ak rechaj EV pou plis chofè Nouyòk yo."

Ko Fondatè ak Direktè Egzekitif Jeneral, Revel, Frank Reig, te deklare, "Pandan kèk ane ki sot pase yo, Revel ap prepare yon pòtfèy estratejik pou kote ki pi likratif pou rechaj rapid nan Vil Nouyòk. Sit sa yo kounye a pare pou inogirasyon. Avèk sipò enpòtan NY Green Bank la, nou pare pou nou mennen ekonomi EV Nouyòk nan yon lòt nivo ak yon rezo rechaj rapid ki rivalize nenpòt lòt vil nan nivo premye plan."

Revel te inogire an novanm nan Ayewopò JFK, adjasan ak zòn datant prensipal veyikil ki pataje, avèk sipò Otorite Pòtyè Nouyòk ak New Jersey. Ak finansman ki soti nan NYGB, Revel pral kounye a kapab fini konstriksyon 24 estasyon chaj yo ki mansyone pi wo a. Sit sa a pral ouvri nan Q1 2025 epi li prevwa youn nan estasyon rechaj ki pi itilize nan peyi a.

Senatè Eta a Kevin Parker te deklare, "Objektif nou se kite Eta Nouyòk nan yon pi bon kondisyon pase lè nou te jwenn li. Si nou pral avanse ak objektif CLCPA nou yo, nou dwe fè tranzisyon sektè transpò nou an nan direksyon veyikil pwòp. Nou dwe envesti tou nan enfrastrikti ki nesèsè pou bay Nouyòkè yo konfyans, fyabilite, ak komodite. Mwen bat bravo pou Gouvènè Hochul, Revel, ak NYSERDA paske yo kontinye bay opòtinite sa yo ak sipò finansman atravè New York Green Bank."

Senatè Eta a Jeremy Cooney te deklare, "Avni transpò a elektrik. Envestisman jodi a pa NY Green Bank ak NYSERDA reprezante angajman kontinyèl eta nou an nan nouvo teknoloji transpò k ap emèje yo ak yon avni ki pi vèt ak pi pwòp pou Nouyòkè yo."

Manm Asanble William Magnarelli te deklare, "Mwen ankouraje pa anons sa a. Elaji enfrastrikti rechaj nou an esansyèl si Nouyòk pral atenn objektif transpò zewo emisyon li yo. Chajè adisyonèl sa yo pral fè tranzisyon an nan yon EV ki pi pratik ak fyab."

Estasyon rechaj Revel yo ouvri pou piblik la 24/24 pou nenpòt ki mak ak modèl EV. Tout chajè ki enstale nan tan kap vini yo pral gen yon vitès omwen 320 kilowat (kW), ki ka chaje yon EV nan 15 minit.

Ane pase a, NYGB te konplete yon lòt tranzaksyon inogirasyon ak Inspiration Mobility—ki fè patenarya ak Revel—pou sipòte deplwaman prèske 400 EV nan Vil Nouyòk k ap ogmante aksè ak transpò an komen ki pwòp. Plis pase twa ka nan pwojè filyè Revel yo ke finansman NYGB sipòte yo sitiye nan DAC yo, sa ki fè avanse objektif NYGB pou angaje yon minimòm 35 pousan, ak yon sib 40 pousan, nan kapital li nan pwojè ki benefisye DAC yo.

Kòm pi gwo bank ekolojik eta a nan nasyon an, NYGB angaje plis pase 2.4 milya dola pou fè avanse ekonomi enèji pwòp Eta Nouyòk la pou tout Nouyòkè yo. Depi kòmansman, investisman li yo te mobilize jiska 8.8 milya dola nan depans pwojè atravè teknoloji, ak 383 milyon dola yo mobilize nan sektè transpò pwòp la sèlman. Tranzaksyon NYGB yo fèt pou replikasyon ak adopsyon pa sektè prive a, sa ki ede anime mache a ak mobilize kapital nan sektè vèt ki pa jwenn ase sèvis ak yon konsantre espesyal sou transpò pwòp, estokaj enèji, ak dekarbonizasyon batiman yo.

W ap jwenn plis enfòmasyon sou kontra Revel la nan pwofil tranzaksyon NYGB yo nan [paj pòtfèy](#) li a. Foto ak videyo yo disponib sou demann lè w kontakte Revel nan press@gorevel.com.

Ajanda Klimatik Eta Nouyòk

Ajanda klimatik Eta Nouyòk egzije yon tranzisyon ki bon mache epi ki jis vè yon ekonomi enèji pwòp ki kreye djòb ki soutni fanmi, fè pwomosyon kwasans ekonomik atravè investisman ekolojik, epi dirije yon minimòm 35 pousan nan benefis yo bay fanmi ki defavorize yo. Nouyòk ap pouse yon seri efò pou kreye yon ekonomi a zewo emisyon vè 2050, ki enkli nan sektè enèji, konstriksyon, transpò, ak dechè.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta Nouyòk | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)